
# Jesu Anonyengetera



Farai nguva dzose; rambai muchinyengetera.
1 Vatesaronika 5:16-17

## Munamato waShe Jesu

**Baba vedu vari kudenga, Zita renyu ngarikudzwe.
Ushe hwenyu ngahuuye, Kuda kwenyu ngakuitwe
panyika sezvakunoitwa kudenga. Tipei nhasi zvokudya
zvedu zvinotiringana, tikanganwirei mhosva dzedu
sezvatinokanganwira avo vanotitadzira.
Musatipinza pakuedzwa asi tirwirei pane zvakaipa.
Nokuti Ushe ndohwenyu, nesimba nokubwinya, nokusingaperi.
Ameni**

*Jesu anonyengetera Panguva Yeshumiro Yake*

**Ruka 5:15-16 ~ Asi mukurumbira wake wakapararira kwazvo, zvokuti vanhu vazhinji zhinji vakauya kuzomunzwa uye kuti vaporeswe zvirwere zvavo. Asi Jesu kazhinji aizvitsaura achienda kusina vanhu kuti andonyengetera.**

**Ruka 6:12-13 ~ Nerimwe ramazuva iwayo, Jesu akabuda akaenda kugomo kuti andonyengetera, uye akapedza usiku hwose achinyengetera kuna Mwari. Fume mangwana, akadana vadzidzi vake akasarudza gumi navaviri pakati pavo, avo vaakatumidza kuti vapostori:**

**Ruka 9:28-29 ~ Mazuva angasvika masere akati apera, shure kwokunge Jesu ataura izvozvo, akatora Petro naJohani naJakobho pamwe chete naye akakwira mugomo kundonyengetera. 29Akati achinyengetera, kuonekwa kwechiso chake kwakashanduka, nguo dzake dzikachena dzikapenya sokupenya kwemheni.**

*Jesu anonyengetera ari pamuchinjikwa*

**Ruka 23:46 ~ Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Baba, ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu.”**

*Jesu muGetsemani*

**Mateo 26:36-46**

**Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi
Getsemani, uye akati kwavari, "Garai pano ini ndichienda
apo kundonyengetera." 37 Akatora Petro navanakomana
vaZebhedhi vaviri akaenda navo, uye akatanga kuva neshungu,
uye akatambudzika. 38 Ipapo akati kwavari, "Mweya wangu
uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye
murinde pamwe chete neni."**

**39 Akaenda mberi zvishoma, akawira pasi nechiso chake
akanyengetera achiti, "Baba vangu, kana zvichibvira mukombe
uyu ngaubviswe kwandiri. Asi kwete kuda kwangu asi kuda
kwenyu."**

**40 Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake akavawana vavata.
Akabvunza Petro achiti, "Varume, matadza kurinda neni kweawa
imwe chete? 41 Rindai uye munyengetere kuti muregе kupinda
mukuedzwa. Mweya unoda, asi muviri wakaneta."**

**42 Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, "Baba vangu,
kana zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze
kwokutenge ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe." 43 Paakadzoka,
akavawanazve vavata nokuti meso avo akanga azere nehope.**

**44 Saka akavasiya akaendazve uye akanyengetera kechitatu,
achitaura zvimwe chetezvo. 45 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi
akati kwavari, "Muchakavata uye muchakazorora here?
Tarirai, nguva yava pedyo, uye Mwanakomana woMunhu
ari kupandukirwa achiiswa mumaoko avatadzi. 46 Simukai,
ngatichiendai! Anondipandukira uya ouya!"**

*(Verengawo Marko 14:32-42, Ruka 22:40-46)*

**Jesu anonyengetera ari muGetsimani**

1. **Zuva rokuroverwa kwake risati rasvika, Jesu akaenda akenda kubindu kundonyengetera. Ko Jesu anoti akanzwa sei?** *( Anoti akanzwa shungu kusvikira pakufa.)*
2. **Ndevapi vadzidzi vatatu vaakenda mberi naJesu mubindu?** *(Petro, Jakobo na Johani.)*
3. **Ko sei Jesu akaenda nevadzidzi ava?** *(Kuti vagorinda pamwechete naye. Kuti vagova naye apo aigadzirira katambudzika nokuurawa kwaizotevera.)*
4. **Ko sei Jesu asina kufara nevadzidzi ava?** *(Vakavata hope)*
5. **Ko Jesu akanyengetera kanokwana kangani?** *(Katatu)*
6. **Ko Jesu akakumbira Baba vake kuti vaitei.** *(Baba, kana zvichibvira, mukombe uyu ngaupfuure.)*
7. **Jesu zvaaiziva kuti aizotambudzika, uye nokuzofa, ko sei akanyengetera?** *(Akanyengeterera simba, uye kuti kuda kwaBaba vake kuitwe.)*
8. **Ko Jesu aipedzisa minyengetero yake sei?** *( Kuda kwenyu ngakuitwe.)* **Ko izvi zvinorevei?** *(Jesu aireva kuti aibvuma kuita chipi zvacho chaidiwa naBaba kuti aite.)*
9. **Uchiri kurangarira here imwe nguva yawakakumbira vamwe kuti vanamate newe?** *(Minamato iyi yakakupa simba sei?)*
10. **Ko unonzwa sei kana Mwari akapindura munamato wako neimwe nzira yaunenge usingatarisire? Unogona here kuvimba murudo rwaMwari ruzere, zvokuti ungati, “Kuda kwenyu ngakuitwe?” Ko ndoupi munamato unodikanwa unosanganisira mashoko awa?** *(Munamato WaShe Jesu)* **Apo unenge uchinamata munamato uyu, gadzirira mwoyo wako kubvuma kuita kuda kwaMwari.**